

Bay Pitit Ou Fòmasyon Nan Domèn Santiman

Lè ou ede pitit ou rekonèt epi bay fason li santi l la yon non sa kapab ede li eksprime santiman li yo pi byen, epi sa kapab fè yon gwo diferans nan konpòtman li. Lè ou aksepte santiman pitit ou sa kapab yon bon estrateji pou ede pitit ou santi ou ba l enpòtans, ou tande l e ou konprann li. Ou kapab pran dispozisyon pou w montre pitit ou fason pou l eksprime jan l santi l.

Fè pitit ou konnen santiman li yo akseptab.

- Ede pitit ou aprann enfòmasyon nan domèn santiman: Fè yo konnen tout santiman akseptab.
- Remake epi bay fason pitit ou santi l la yon non. Sa ap montre pitit ou santiman yo fè pati moun li ye a epi santiman li yo enpòtan pou ou.
- Fè pitit ou konnen ou konprann e ou respekte santiman li yo.

Koute sa pitit ou ap di ou.

Repete sa pitit ou te di a.

Eseye konprann fason pitit ou santi l.

Fè pitit ou konnen ou konprann santiman li yo e ou la pou w ede l.

Bay pwòp santiman pa ou yo yon non.

Prezante fason ou gen diferan santiman pandan jounen an.

Ede pitit ou dekri santiman li yo avèk mo oswa imaj.

Fè pitit ou konnen santiman li yo akseptab si li eksprime yo san pwoblèm.

Itilize liv, chante, jwèt, istwa, epi jwe pou nou pale sou anpil santiman diferan.

Itilize mo pou ede pitit ou bay santiman li yo non, tankou kontan, fache, desi, gen kè cho, fistre, sezi, renmen, pè, tris, anpè, meprize, kontan, trankil, fatigue.

Mete verifikasyon santiman yo vin nan aktivite noy fè chak jou.

Poze pitit ou kesyon sou santiman li yo. Pa egzanp, ou kapab fè yon verifikasyon santiman pandann ap manje e w ka poze kesyon tankou

“Kisa ki te fè ou santi ou eksite jodi a?”

“Kisa ki te fè ou santi ou fache jodi a?”

“Kisa ki te fè ou santi yo renmen w jodi a?”

“Kisa ki te fè ou santi ou raz jodi a?”

Nan lè dòmi ou kapab pran abitud poze kesyon tankou

“Ki santiman ou vle debarase w de li jodi a?”

“Ki santiman ou vle viv plis demen?”



Estrateji pou Eseye

Eseye konprann fason pitit ou santi l.

Olye ou di: "Sispann rele!"

Eseye: "Ou fache. W ap fè m santi sa lè w pale fò."

Remake, nonmen epi prezante santiman ou yo.

Olye ou di: "Ou pa janm koute!"

Eseye: "Mwen anti mwen fistre kounye a. Mwen pral respire byen fò. Sa ap ede m santi m pi byen."



Bay santiman pou pitit ou yo non pandan y ap viv yo.

Olye ou di: "Si ou frape ankò, ou pral nan yon kwen."

Eseye: "Ou fache. Men w vle frape. M ap e de w rete an sekirite lè m anpeche ou frape."



Bay posibilite pou remake epi nonmen anpil santiman.

Olye ou di: Li liv yo jan w abitye fè sa.

Eseye: Pandan w ap li liv yo fè kòmantè sou istwa a ak mo ki dekri santiman yo. Pa egzanp:

"Lous la sanble fatige."

"Timoun nan gen yon bèl souri sou vizaj li e l kontan."



"Bebe a ap kriye. Bebe a sanble tris."



Poze pitit ou kesyon sou santiman li yo olye ou fè sipozisyon.

Olye ou di: "Sa dwe te fè ou santi ou kontan."

Eseye: "Waw, m ap mande tèt mwen kijan w te santi w lè sa te rive a."

Fè pitit ou konnen tout santiman li yo akseptab.

Olye ou di: "Sispann kriye; sa pa yon gwo pwoblèm."

Eseye: "Ou vrèman fache kounye a. Pa gen pwoblèm pou w santi ou fache."



Resous

- [Santiman ki Parèt SOu Vizaj](#)
- [Tucker Turtle Takes Time to Tuck and Think at Home](#)



National Center on
Health, Behavioral Health, and Safety

1-888-227-5125
health@ecetta.info
<https://eclkc.ohs.acf.hhs.gov/health>

Oktòb 2021